



**CATHOLIC
MIGRATION
SERVICES**

Brooklyn Office
191 Joralemon Street, 4th Fl.
Brooklyn, NY 11201
(718) 236-3000

Queens Office
47-01 Queens Boulevard, Ste. 203
Sunnyside, NY 11104
(347) 472-3500

CHANJMAN RESAN NAN STATI TANPORÈ PROTEKSYON (TPS) POU MOUN HONDURAS, NICARAGUA AK HAITI (AYITI)

Depatman “Homeland Security” (DHS) pa gen lontan fè anons enpòtan ki gen efè sou moun Honduras, Nicaragua ak Haiti (Ayiti) ki jwenn Stati Tanporè Proteksyon (TPS). Haiti (Ayiti) te desiyè apre tranbleman tè 2010 la. Deziyasyon TPS pèmèt viv ak travay legalman nan Etazini, gen kay ak biznis, ak etabli rasin fanmi.

“Catholic Migration Services” mande moun ki jwenn TPS ki soti Honduras, Nicaragua ak Haiti (Ayiti) rele biwo-a prese pou fè randevou pou konsiltasyon legal gratis.

Detèminasyon DHS pou moun ki gen TPS sòti Ayiti.

Depatman “Homeland Security” anonse nan 20 Novanm 2017 deziyasyon TPS ap fini 22 Jiyè 2019. Nan dat sa moun Ayiti (ak moun san peyi ki te viv abityèlman an Ayiti) ki te jwenn TPS dapre deziyasyon Ayiti pap genyen TPS ankò.

Moun Ayiti (ak etranje san peyi ki te viv abityèlman an Ayiti) ke yo te bay TPS e ki vle kenbe-l bezwen re-enskri. Enfòmasyon pou re-enskri va pibliye nan “Federal Register”. Jous 21 Novanm 2017, poko gen anons nan “Federal Register”. Tanpri cheke sit entènèt nou tan zan tan pou chanjman sou koze pwosesis re-enskri.

Kijan Nenpòt Moun Ka Pale pou Moun ki gen TPS

Nou mande pou kominote-a pou kontakte politisyen yo e fè yo konnen pou yo kontinye kenbe pwoteksyon imanité ijan sa. Pran aksyon nan ekri lèt bay Administrasyon ak manm local Kongrè-a pou mande ekstansyon TPS, pataje istwa, aprann plis ak lapriyè pou moun ki gen TPS ak fanmi yo.

“Catholic Migration Services” se yon òganizasyon charitab ki sèvis nan imigrasyon, koze travay ak sèvis legal nan zafè kay pou moun ki rete Brooklyn ak Queens. Tanpri vizite sit entènèt nou nan www.catholicmigration.org pou plis chanjman ak enfòmasyon enpòtan sou pwogram imigrasyon gouvènman an.